ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ
НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

«Сүўретлеў өнери ҳәм инженерлик графикасы» кафедрасы

**5110800- «Сүўретлеў өнери ҳәм инженерлик графикасы» тәлим бағдарының 2-курсы ушын «Қарақалпақстан нағысшылық өнери» пәнинен**

# *ЛЕКЦИЯ ТЕКСТИ*

***Орынлаўшы:*** ***С.Аманиязов***

## Тема: Кирисиў. Қарақалпақ нағысшылық өнериниң раўажланыў тарийхы.

**Жобасы:**

1. Кирисиў.
2. Қарақалпақ нағысшылық өнери тарийхы.
3. Нағысшылық өнериниң раўажланыўына үлесин қосқан алымлар.

**Ә Д Е Б И Я Т Л А Р**


1. Кадрлар таярлаў миллий дәстүри //Баркамол авлод Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. Т. Шарқ, 1997
2. Алламуратов А Манги мийрас Н., 1993
3. Аламуратов А. Дуңя маденияти тарийхи Н.,1996


Ғәрезсизлигимиздиң шарапати менен жаратылған «Кадрлар таярлаў миллий дәстүри» тәлим тараўын өтмиштен қалған идеологиялық караслар ҳәм сарқытлардан толық қутылыў, жоқары мәнаўият ҳәм әдеп-икрамлылық талапларға жуўап бериўши жоқары билимли кадрлар таярлаў ҳәмде олардың сапасын халық аралық стандартлар дәрежесине көтериўди нәзерде тутады. Халқымыз өмиринде жүз берип атырған өзгерислер өнер тараўына да белгили дәрежеде өз тәсирин тийгизбекте. Сондай екен өнер ҳәзирги күнде инсан өмирин және де гөззал етиў, оған эстетикалық руўхый азық бериўи дәркар.

Қарақалпақ халқының тарийхын изертлеўге өз мийнетлерин қосқан Иванов, Толстов, Жданко, Камалов, Морозовалар 1964-жылы II томнан ибарат «Қарақалпақ халқының тарийхы» китабын басып шығарған. Уси китапқа тийкарланып Қарақалпақ халқының тарийхының, мәдениятиниң раўажланыўын көриўге болады.

Қарақалпақстан көркем өнери өнерментшилик, кесте тигиў өнери менен байланыслы, булар халықтың көркем өнерге болған интасын арттырып,

эстетикалық тәрбиясын байытады, ҳәмме зат адамниң психологиялық ойлаўы нәтийжесинде исленеди.

Адамның шеберлиги менен исленген өнерли ислер адамзат жәмийетинде умытылмас из қалдырады, адамға материаллық ҳәм мәдений заўық береди. Бул көркем шығармада өз сәўлесин табады.

Белгили, гөззаллық сырларын үйрениў арқалы инсанларға тийисли жақси пәзийлет-келешекке жетелеў бойынша басқа тараў оқытыўшысы халық өнерментшилиги, қол өнери бере алатуғын ўазыйпаны атқара алмайды. Шынында да, талаба ҳәм жасларды эстетикалық ҳәм мораллық камалға жеткериў, оларға ҳәр тәреплеме руўхый азық бериўде «Қарақалпақ нағысшылық өнери» пәнининң, имканиятлары кең.

Қарақалпақ нағысшылық өнери шынығыўлары талабаларда руўхый-ағартыўшылықтың ажыралмас бөлими есапланған көркем әмелий өнерди ҳәм әдеп икрамлылықты раўажландырыўға хызмет қылады. Халық дөретпеси бала тәрбиясында үлкен орынды ийелейди. Келешек әўладты көркем өнер сезимталлығы жағынан бай өзиниң пикирин еркин айта алатуғын, билимли мийнет сүйгиш етип тәрбиялаўда халық өнерментшилиги әҳмийетли орынды тутады. Халық өнерментшилиги пәнининң және бир өзине ылайықлы өзгешеликлери соннан ибарат, бундай сабақларда талабаларға көркем билимлерден тысқары және мийнет көнликпесин раўажландырады, оларда бақлаўшылық, көз алдына келтириў, еслеў, шамалаў образлы ойына келтириў усаған сыпатларыда өсирилип барылады. Олардың көркем-эстетикалық сезимталлығы дөретиўшилик, искерлик уқыплылығы раўажланып барды.

Ҳәр қандай оқыў барысы сыяқлы халық өнерментшилиги шынығыўларының тийкарында талабаларды жоқары идеялық рухта тәрбиялаў, оларға өнердеги халықшылықтың ролин түсиндириў жатады. Бул ўазыйпалар халық өнерментшилиги пәнининң шынығыўларының ҳәр бир түринде әмелге асырылады.

Инсанларды мийнетке ҳәм жасаўға руўхландырыўы, олардың ишки дүньясын байытыўы керек. Инсанның мәнаўияты барлық ўақытта өнер

мийўелерине зәрүрлик  сезеди. Солай екен өнерсиз жасап болмайды. Нағысшылық өнери халық әмелий өнеринде тийкарғы орынди ийелейди. Ол ҳәр түрли дөретиўшилик шешимлерде қатнасып көркем шығармалар жаратыўда тийкар есапланады.

Қарақалпақ нағысшылық өнери әййемнен дүньяға белгили. Қарақалпақ халқының  бир неше әсирлер узақ тарийхына көз тасласақ, ел ишинде қолы гүл он бармағынан бал тамған өнермент болғанын көремиз. Олар дөреткен өнер шығармалары небир заманлар узақ ўақыт өтседе, өшпей хәм жоғалмай, бүгинги күнге жеткен.

Әййемги заманларда жазыў, сызыў болмаған ўақытта, адам өз ойын тасқа, сүйекке, ағашқа ойып қашап түсирип келген. Ҳәзирги сүйек ойыў, ағаш оймашылығы өнери деген сөзлер сол әййемги заманлардан қәлиплескен уғымлар. Буннан биз қарақалпақ халқының нағысшылық безеў өнери де усы ўақытлары басланғанын көремиз. Кейинрек кийиз басыў, өрмек тоқыў, кестешилик хәм т, б. өнерлер пайда бола баслаған.

Бир заманлары ағашқа, тасқа, сүйекке түсирилген ойыў таңбалар (иероглифлер) кейин ала кийизге, ушығаға, бөзге ҳәм т. б. затларға салынатуғын болған. Биз буннан ойыў-безеў белги таңбалары өмир турмыс шәриятынан үрип- әдет, салт-дәстүр тәсиринен пайда болғанын көремиз.

Өтмиште, ата-бабаларымыз дөреткен үй-үскене буйымлары, кийим-кеншеклер қара үйдиң әнжамлары сәнли етип нағыслар менен безелгени ҳәзирги күнге шекем олар өзлериниң көркемлиги менен сулыўлығын жойтпаған. Жоқары сезим менен тереӊ мазмунлы исленген нағыслар бизди ҳайран қалдырып, ата-бабаларымыз өтмишин тарийхын үрип- әдетин, салт-дәстүрин үйретеди.

Нағыс - арабша сөз болып, сүўрет гүл деген мағананы аңлатады. Қус, ҳайўанат,  өсимлик, геометриялық ҳәм т.б. элементлерди мәлим тәкирарланыўынан  ҳасыл қылынған безеў. Қарақалпақ халық әмелий өнери нағысларға жүдә бай болып, оны өмириндеги сандық, абаяқ, ат ерлери, ергенек, үсти-бас кийимлер, саз әспаблары, үй-үскене буйымларына

салынған нағыслар адамды таң қалдырады ҳәм көркем, эстетикалық заўық бағышлайды. Әлбетте бул бежирим сулыў нағыслар усындай таяр ҳалында бирден жүзеге келген емес, олар бир неше жыллар даўамында раўажланып келген. Солай етип жаңа нағыс элементлерин он бармағынан бал тамған қолы гүл әжайып кестешилер, ағаш усталары, зергерлер, мыскерлер, гүлалшылар, тоқымашылар тәрепинен жаратылып келинген.

Қарақалпақ нағыс элементлериниң басқа халық нағысларына қарағанда айырмашылығы, нағыс элементлеринде ҳайўан, қус, өсимлик, жәнликлердиң ҳәм үй-үскене буйымлардан реал сүўретлениўи емес, ал айрым бөлеклери сүўретленип көрсетиледи.

Қарақалпақ көркем өнериниң өзгешелигине қарамастан бул көркем-өнерде қонсы ҳәм ҳәтте узақ жерлерде жасайтуғын халықлардың өнериниң улыўма белгилери бар екенлигин көриўге болады. Бул дөретиўшилик бирге жасаў, бир мәдениятты екинши мәденияттың өзине сиңдирип жибергенлигин аңлатпайды. Ал безеўлердиң нағыс салыў мотивлерин ямаса ислениў әдисин өз дәстүрине ылайықластырып сөзсиз қайта ислеў мүмкин болғанынша бир-биреўден өрнек алыў жолы менен теңдей раўажланып келген. Бул бизге қарақалпақ халқының басқа халықлар менен қарым-қатнастың әзелден бар екенлигин дәлиллейди.

Қарақалпақ халық нағыслары өзиниң рең-бәреңлиги, көп түрлилиги, кеўилге қонымлылығы, заўық бағышлаўшы, элементлериниң үйлесимлилиги менен ажыралып турады, нағысларға тәбияттың өзиниң тийкар етип алынғанлығы қунлы тәрепи болады. Нағыслар өсимликлерге, гүллерге, ҳайўанларға, қусларға, жәнликлерге, олардың мүшелерине, ҳәр қыйлы тәбияттағы затларға қарап таңлап алынады. Нағысларда усы нәрселерге уқсаслық белгилери сезилип турады.

Нәзер салып қарағанымызда, ҳәр қандай нағыстың туўры ҳәм иймек (ийрек), ушлары шийиртпақланған (спирал ямаса сынық) сызықлар, доғалар, туўры төрт мүйешлик (туўры мүйешлик), үш мүйешлик (тең қапталлы-еки тәрепи тең, тең тәрепли-үш тәрепи тең) квадрат, ромб ҳ.т.б сыяқлы әпиўайы

элемент (фигура)лердиң қоспалы бирлеспесинен ибарат екенлигин көремиз. Сонлықтан дәслеп нағыстың усы элементлериниң қайсыларынан туратуғынлығын анықлап алып, соңынан олардың нағыс қурамында өз-ара үйлесип түйинлесетуғынлығына итибарды қаратамыз.

Тәбияттың өзи тең салмақлылықта болыўды қәлейди, усы қәсийет нағысларға да өткен. Буны басқаша айтатуғын болсақ, нағыс элементлериниң оның қурамында симметриялы болып жайласатуғынлығын аңлатады. Бул тийкарғы нағыс үлгисин оның тик ямаса көлденең орта сызығы (симметрия көшери) арқалы бүклегенимизде, усы сызық арқалы бөлинген нағыстың ҳәр қыйлы еки ярымының бир-бири менен үстпе-үст түсип бетлесетуғынын аңлатады.

## Тексериў сораўлары.

1. Нағысшылық өнериниң пайда болыўы не менен байланыслы?
2. Нағыс сөзи қайсы тилден алынған қандай мағананы билдиреди?
3. Нағыс әмелий өнердиң қайсы түрлеринде көп пайдаланылады?
4. Қандай нағыс атамаларын билесизлер?

## Таяныш түсиниклер.

1. Халықтың миллий дәстүри көркемлик дүнья танымының кеңлиги
2. Әмелий өнер түрлери ағаш оймашылығы, кестешилик, зергершилик, тоқымашылық, гүлалшылық ҳ.т.б.
3. Нағыс атамалары мүйиз нағыслар, қус тили, ғаўаша гүл, ийт табан, ерик гүли, тышқан из, ғарға туяқ, қумырсқа бел, қоралы гүл, ҳәрдем қыял, қуўыршақ аўыз бақа нағыс, шийқурақ, түйе табан ҳ.т.б.

**Тема: Қарақалпақ нағысларының өзине тән өзгешелиги. Буйымларда қолланылыўы.**

**Ж О Б А:**

1. Оқыўшыларға нағыслы композиция дүзиў жолларын үйретиў.
2. Нағыслардың өзине тән өзгешелиги.
3. Буйымларда қолланылыўы.

**Ә Д Е Б И Я Т Л А Р**


1. А.Алламуратов. Каракалпакская народная вишивка. Н. 1992.
2. А.Алламуратов Манги мийрас Н., 1993
3. А.Аламуратов Дуңя маденияти тарийхи Н., 1996


Улыўма орта билимлендириў мектеплеринде мийнет оқыў пәнининң мақсет ҳәм ўазыйпаларынан келип шыққан ҳәм тәлимниң мәмлекетлик стандартларына тийкарланған ҳалда тәлим мазмуны анықланды.

Сүўретлеў өнеринде оның төрт түри белгиленди. Солардың бири композициялық искерлик болып, ол өз гезегинде реңли сүўрет композициясы, декоратив композиция ҳәм мусиншилик композиция уқсаған бөлимлерден турады.

Декоратив композиция шынығыўлары нағыс ислеў, ертек ҳәм гүрриңлер тийкарында иллюстрациялар ислеў усағанларды нәзерде тутады. Бул нағыс ислеў шынығыўлары үлкен орынды ийелейди. Әсиресе еки жол сызық, квадрат, айлана, формадағы нағыс үлгилеринен көширип үйрениўге, халық әмелий өнери үлгилерин өзлестириўге өз алдина итибар бериледи. Бунда көбирек нағыс композициясы, рең, элементлерин дурыс сүўретлеў, оларды дөретиўши характерде болыўына, нағыс фоны менен оның элементериниң реңлери ортасындағы өз-ара байланыс, стилизация мәселелери оқытыўшының диққат орайында болыўы есапланады. Сондай-ақ, нағыс гулиниң атларында оқыўшыларға көргезбели тәризде түсиндирип

барыў талап етиледи. Дәслепки шынығыўларда балалар еки жол сызық ишине нағыс үлгилеринен көширсе, кейингисинде нағыс схемалары ҳәм элементлери тийкарында, соңында пүткиллей дөретиўши нағыс композициясын сызады.

Оқыўшыларға эстетикалық тәрбия исин қандай қылып иске асырыў керек. Ол бириншиден оқыўшыларды халық өнери шығармаларын дурыс қабыл етиўге таярлаў ушын халық декоратив-әмелий өнери теориясы бойынша гүрриңлер өткизиў, оқыўшыларға халық дөретпелери шығармасын оның поэтик мазмунын ҳәм сүўретлеў қуралларын түсиниўге үйретиў зәрүр. Буның ушын оқыўшы әмелий өнер түрлери ҳәм жанрлары халық устасы шығармасын қандай жаратылыўы ҳаққындағы мағлыўматқа ийе болыўы, сондай-ақ, улыўма қабыл қылынған терминологияны өзлестириў шәрт.

Оқытыўшының ўазыйпасы оқыўшыларға нағыслы композиция дүзиў жолларын үйретиў менен бирге халық усталарының дөретпелерин көре алыў ҳәм түсиниўди, өнерменттиң поэтик пикирлерин ҳәм де оларды үйретиўден ибарат. Халқымызда көплеген усталар ҳәм әжайып педагоглар бар. Ҳәзирги ўақытта балаларды өнерге үйретиў ушын қолайлы жағдайлар жаратылмақта. Әлбетте уста болыў аңсатлық пенен болмайды, буның ушын көп талапшаңлықты бала өз үстинде көп ислеп тәжирийбели усталардан ҳәм оқытыўшылардан билим алыўы керек. Оқыўшыларда психологик кейпиятты пайда етиў нағыс дөгерегиндеги тәлим-тәрбия жумыслары сыпатын асырыўдың тийкарғы бөлеги.

Нағыс салыў пәниниң тийкарғы мақсети бурыннан киятирған ата-бабаларымыздың өнерментшилигин терең үйрениў, ески өнермент усталарының ислеў усыллары дөретпелери, тарийхы ҳаққында мағлыўмат бериў, миллий дәстүримиз ҳәм улыўма инсанийлық қәдириятлар менен танысыў, ески буйымлардан нусқалар алыў ҳәм оны қайта раўажландырыў, дөретиўшиликке жол ашып бериўди өз ишине алады.

Соның менен бирге тәбият ҳәм мийнет барысларын аңлаў жергиликли тәбиий материаллар жәрдеминде ҳәр түрли көркем үй үскене буйымлар

жаратыў, халық усталарының устаханалары, музейлер менен таныстырыўдан ибарат.

Нағысшылық нағыс салыў оқыў пәни талабаларда руўхый-ағартыўшылықтың ажыралмас бөлими есапланған көркем әмелий ҳәм әдеп-икрамлылықты раўажландырыўға хызмет қылады.

Халық дөретпеси бала тәрбиясында үлкен орынды ийелейди. Келешек әўладты  көркем эстетикалық сезимталлығы жағынан бай, өзиниң пикирин еркин айта алатуғын билимли, мийнет сүйгиш етип тәрбиялаўда халық өнерментшилиги әҳмийетли орынды тутады.

Бул оқыў пәниниң және бир өзине ылайық өзгешеликлери соннан ибарат, бундай сабақларда талабаларға көркем билимлерден тысқары және сүўретлеў көнликпелерин  раўажландырады, оларда бақлаўшылық, көз алдына келтириў, еслеў, шамалаў сыяқлы, образлы ойына келтириў уқсаған сыпатларын да раўажландырады. Нағыс салыў өнериниң ең зәрүрли ўазыйпалары талабада дөретиўшилик, өзбетинше, көркем-эстетикалық сезимлерин өсириўге қарателған.

Соныда ядтан шығармаў керек, Ўатанымыз ҳәр тәреплеме (сиясий ҳәм күнделикли, ҳәм мәдений) раўажланған, дөретиўшилик жақтан пикирлейтуғын, өзбетинше ҳәм өзлигинше ис алып баратуғын шахслар керек болады, тек дөретиўши адамлар ғана халқымыздың уллы келешегин жаратыўы мүмкин.

Ҳәр қандай оқыў пәни тәлим мазмунында әлбетте Өзбек, Қарақалпақ халқы жаратқан шексиз ҳәм рухый мийрасты тийкар қылып алыўы керек. Оларды балалар  көбирек билиўи шәрт. Сондай екен, өзбек, қарақалпақ халқын дүньяға белгили таныткан архитектура, әмелий ҳәм сүўретлеў өнерин, академиялық лицей ҳәм кәсип-өнер коллежлеринде көбирек ҳәм териңирек үйретилиўи талап етиледи. Соның менен бирге тәлим мазмуни район ҳәм қалалар бойынша бөлистирилип көрип шығылыўы да мақсетке муўапық.

Нағыс сызыў нағыстың әпиўайы элементлеринен тартып әсете-ақырын қурамалы  жағдайға алып үйретиў керек. Оқыўшылар нағыслардың ҳәр элементин, тәбияттағы нәрселерде өсимликлерде, мысали пахта, лала ҳәм басқаларды таңлап алып нағыс жағдайына келтириў усағанларға ийе болады. Нағыс сызыўдағы элементлер тәбиятта бар. Бизиң ўазыйпамыз, соны көре алыў ҳәм оннан затларды безетиўде толық пайдаланыў. Оқыўшыларға олардың әпиўайы квадрат ҳәм жол сызық ишине сызылатуғын нағыс элементлерин үйретип, әсте-ақырын композиция дүзиўге үйретиледи. Элементлер арасында байланыста ҳәм тәкрарланыўды балаларға анық системалы түсиндириў лазым.

Биз ҳәр түрли буйымлар child ислер екенбиз, олардағы нағыс затлардың ўазыйпасына ҳәм материаллына қарап сызылғанлығын көремиз.

Жәмийетимиздеги ҳәр бир адам қайсы тараўда жумыс ислеп атырғанына қарамастан гөззаллықты ҳәм нәзикликти көре билиўи және түсине билиўи керек.

Ҳәзирги улыўма билимлендириў мекпеплериниң ўазыйпаларынан бири балаларды түрли кәсип ҳәм өнерлерге бағларлаў есапланады. Мектеп жәмәәтиниң ҳәр бир оқытыўшысы ҳәм тәрбияшысының ўазыйпасы ҳәр бир баладағы бар ҳәўести раўажландырыў, оларды өнерди түсиниў ҳәм ҳүрмет қылыўға үйретиўден ибарат.

## СОРАЎЛАР

1. Нағыстағы бояўдың өзгешелиги.
2. Кийим-кеншектиң бояў реңине байланыслылығы.
3. Ақ жегдедеги бояўдың роли.
4. Нағыстағы бояў жағынан екиге бөлиниўи.
5. Миллий нағыслы буйымлар атамалары.

**Тема: Қарақалпақ миллий нағысларының материаллары ҳәм ислеў техникасы**

**Ж О Б А:**

1. Қарақалпақ нағысының материалы ҳәм техникасының әҳмийети.
2. Гезлеме түрлери ҳәм нағысты тигиў технологиясы.
3. Нағыс салыў техникасы.

**Ә Д Е Б И Я Т Л А Р**


1. А.Алламуратов Каракалпакская народная вышывка.
2. Ш.Уразметов, Қ.Нажимов Қарақалпақша нағыс үлгилери.
3. Забирова Е.И Сабақларда қарақалпақлардың көркемлик безеў өнери менен танысыўдың жаңа педагогикалық технология.


Қарақалпақ нағысының стилин ҳәм көркемлик белгилерин қәлиплестириўде материал ҳәм оның бежериўдиң техникалық усыллары үлкен әҳмийетке ийе болады.

Гезлемениң еки түри қолдан тоқылған пахта гезлемеси ҳәм фабрика маўытысы нағыс салыў ушын тийкар болған. Пахта гезлемеси ақ жегдеде ақ киймешекке алдыңғы, көк көйлекке, жеңсеге, жеңушқа, ат айылға, ат көзликке, жаўрыншаға, шайқалтаға нағыс салыў ушын тийкар болған. Гейпара соңғы ақ жегделерге фабрикада тоқылған ақ пахта гезлемеси тийкар етип пайдаланылған.

Үйде тоқыў тийкарында нағысты атанақ пенен салған. Гезлеме фактурасы, сабақлар арасындағы билинер-билинбес саңлақлар кийимге қыйын композициялар жайластырыў мүмкиншиликти берген, бунда олардың элементлерин қурыўдың симметриялығы сақланған. Бул аңсат болмаған, өйткени қәлиплескен дәстүр бойынша қарақалпақ шеберлери нағысты алдын ала салып алмастан шамалап ислей берген.

Ақ жегде ҳәм ақ киймешек алды ушын тийкары боялмай қолланылған. Пахта гезлемеси ушын пахта сабағын жүўери жарма салынған суўда қайнатылған, бул оны беккемленген ҳәм қоңыр сары түс берген. Ақ көйлек, жеңсе ҳәм жеңуш тигиў ушында гезлемени қара көкшил түске бояған. Бояў ушын сатып алынған бояўдың ҳәм жергиликли өсимликлердиң тамырларының араласпасынан пайдаланған. Революцияға дейинги Қарақалпақстанның үлкен аўылларында ҳәм қалаларында адамлардың буйыртпаларын орынлайтуғын бояўшылар болған.

Қолдан тоқылып боялған пахта гезлемелери базарларда сатылған. Жипекти де базардан ямаса аўыл ширкетшисинен сатып алады. Ҳәр қыйлы затларды сатыўшы ширкетлер революцияға дейинги көплеген үлкен аўылларда ҳәм қалаларда болған. Олар Россияға, Бухараға ҳәм басқада еллерге кәрўан жиберип турған саўдагерлер менен байланыс жасап турған. Қарақалпақлар баққал деп атайтуғын адамлар гезлемелер, бояўлар, таяр кийимлер, безеў буйымларын, дәри-дармақлар ҳәм басқада затлар сататуғын болған. Қызыл киймешеклер, жеңселер ҳәм жеңушқалар ушын қызыл ҳәм қара реңдеги маўытыныда солардан сатып алған.

Жаңа баслап атырған кишкене қызди үйретиў ушын тәжирийбели нағыс салыўшы гейде алдын ала ешкиниң жүни менен нағыс салған, ол тигистиң астында қалып соңынан алып тасланған. Туўры тигис жийи қолланылған, (әсиресе, қызыл киймешеклер, жеңселер. Жеңушқаларды тиккенде) бул бирдей уллылықты ҳәм нағыстың симметриялылығына сақлаў мүмкиншилигин берген. Бул суў тартыў, салма жап қазыў деп аталған. Гейпара ҳаяллар енди бул сызықт нағыс деп қабыл етип, оған суў нағыс, тышқан из деп атамалар берген. Айрым затларда усы сызықты бойлап нағыс салынбайды, сонда оған пунктлердиң горизонтал қатары түринде нағыслы сыпат береди.

Нағыс салыў техникасы ҳәр қыйлы болған нағыстың ҳәр бир түри ушын кестелер образлардың белгили бир дүньясы сыпатында характерли жүйлер болған. Гейпара нағыслар барлық ўақытта тек бир техника менен

орынланған, ҳәтте кийимниң басқа түрине өзгертилсе де (мәселен ақ жегде, ширис, пискекше, қизил киймешек алдына өткерилип маўыты ушын тән болмаған атанақ пенен орынланған.

Маўытыға нағыс салыў ушын илме, жона тигис ҳәм қуртатын тигис деп аталатуғын тигислер сыпатлы болған. Нағыс бир ямаса еки реңдеги бир-бирине тығыз жайласқан еки тигис пенен салынған. Өсимлик сыпатындағы нағыслар бәринен бурын бир-еки тигис исленген. Бул тростниктиң жапырақларының ямаса түйе табан пақалының нәзик иймеклерин анықлаў мүмкиншиликлерин берген.

Омиртқа, қой тигис нағыслары бир тәрепине илме тигиси менен орынланған. ғарға туяқ, сирға ири нағыслары айрым ақ жегделер де усындай усыл менен салынған.

Қызыл киймешекте гезлемениң тигилген бөleклерин бирлестириў, құрастырыў ушын реңди нағыслы жолақлар кеңнен қолланылған. Бул енсиз жийек қолланбай бармақларда исленген. Буны жипек шалыў усылы деп атаған. Енсиз жийек шийратылған жуўан қызыл сабақтан исленген. Жоқарыға көк, сары, ақ реңли сабақлар менен қыйын емес нағыслы фигуралар, ромблар, квадратлар, шақ тәризли шийритпалар салынған. Қызыл басым усындай жолақлар ҳәр бир нағыслы қатарды безеген ямаса қызыл киймешеклердиң әдиплерин шеклеген.

Қарақалпақлардың шебер қыз келиншеклери кесте тоқыўды да билген. Гейпара қызыл киймешеклердеги жийек ийт табан нағысына ийе болған. Узайтылған ушлары шийрылған сопақ фигура әдеттегидей қызыл реңдеги жипек пенен тигиледи. (ийт табан фигураларында сары, жасыл ямаса қызғылт, көк реңлер алмасып турады). Суў жағасындағы терек деген үлкен композицияда ө тәризли фигура менен төсек беккемленеди.

Шайқалта тигиў ушын терис қойыў тигиси қолланылған. Шайқалта ушын қолдан тоқылған көк, әсиресе көзгенек гезлемени пайдаланған, бул тигис, бир тегис жайластырыў имканиятын берген, соның менен бир ўақытта

тийкарын пүткиллей жаўып туратуғын реңди де, нағысларды да пайда етеди.

Нағыс тиккен он бармағы

Зергер тартқан сымға уқсас қарақалпақ халық қосығы.

Кестелеп тигиў, гилем тоқыў, нағыс тоқымашылығы Орта Азия ҳаял-қызларының ең әҳмийетли (достоинство) есапланған. Кестелеп тигиў шеберлиги қызларға жақсы атақ, абырой әкелген. Он бармағи ойылған қыз деген атаққа ийе болған.

Гейбир кестелеп тигиў шеберлери тойға қызыл киймешек, жегде, жеңсе тигип хожалығын баққан.

Кестелеп тигиў шеберлердиң ҳәзирге дейин халық ядында. Солардың ишинде әсиримиз басында Халқабад районының Ийшан қала аўылында жасаўшы Жума қызды айтып өтсек болады.

Кестелеп тигиў шеберлиги көп аўылларға тараған, ол кестелеп тигиў шеберлигин көп қызларға үйреткен.

Қоңырат районның Свердлов совхозында жасаўшы 20 жасар Алтынгүл Ешниязова 1959 музей хызметкерлерине 1906-жылы кестелеп тигилген `ақ жегде` бар екенин хабарлағанда оның үлкен шеберлик пенен тигилгени анық болды. Қарақалпақ халқы кестелеп тигиў шеберлигин жоқары баҳалаған. Ҳаял-қызлар бир-бириниң шеберлигин раўажландырыў ушын ҳәр түрли орнаментлерди нағысларды ойлап тапқан.

Халық қосықлары Қарақалпақ ҳаял-қызларының кестелеп тигиў шеберлигине берилип ислейтуғынын көрсетип тур.

Мысалы: Ҳәкке қайда?

- Уясында
- Не қылып атыр?
- Кесте тигип атыр
- Кестеси қандай?
- Алақандай

Бул қосықларды әҳ9ҳ-жылы туўылған Өтехан Қадирова еске алған. Он жасынан кестелеп нағыс тигиў шебери болған. Гезлеме тоқыўда, кестелеп нағыс тигиўди ол өзиниң жаслайынан үйренген. Өзиниң тойына сиңлиси ҳәм еки досты менен `қизил киймешек`, жегде жеңсе, жеңушқа ҳәм үлкен гилем тоқыған.

Қызыл киймешек 1915-1916-жыллары кестелеп нағыс тоқылған болып қойыў қызыл рең менен оған ақ ҳәм сары реңли нағыслар менен безелген.

## Тексериў сораўлары

1. Гезлемениң неше түри бар ?
2. Гезлемелерди қандай усылда бояйды?
3. Гезлемелерге қандай усылда нағыслар салынады?
4. Уллы жипек жолы ҳаққында не билесиз?

**Тема: Қарақалпақ миллий нағысларының тийкарғы түрлери нағыс атлары.**

**Ж О Б А:**

1. Нағыс түрлилигиниң әҳмийети.
2. Нағыстың түрине қарай пайдаланыўы.
3. Өсимлик нағыслары.

**Ә Д Е Б И Я Т Л А Р**


1. А.Алламуратов Каракалпакская народная вышывка
2. Забирова Е.И. Сабақларда қарақалпақлардың көркемлик безеў өнери менен танысыўдың жаңа педагогикалық технология.
3. Ш.Уразметов, Қ.Нажимов Қарақалпақша нағыс үлгилери.


Нағыслардың көп түрлери әййемги тарийх, халықтың (қудайға яки) исенимли байланыста болып олардың мәниси ўақыт өтиўи менен халықтың ядынан шыққан. Гейбир белгилер адамды өзине қаратыў ушын ямаса көз тилден сақлаў ушын нағысқа безелген деген болжаўлар бар. Ҳәзирги жасаўшы халық бул нағыслардың көринисиниң мағанасын ядтан шығарған. Тек ертеклерде ҳәм халық аңызларында гейбир нағыслар туўралы жазылып қалған. Мысалы: Сийқырлы тарақ ертегинде тарақ нағыстың қарақалпақ халқында дуўалаў мағанасы бар екени айтылған.

Орта Азия халықларының нағысларының көринисиниң мағанасын билиўде дүнья жүзиниң көп илимлери шуғылланбақта. Венгер алымы Ал`маши ҳәм немец алымы Карун `қой мүйизи` нағысының мағанасын, қой мүйизине уқсаслығы себепли соның мағанасын билдиреди деген. Ал Ленинград алымы Шкайдер `қой мүйизи` нағысының мағанасы `өмир тиреги` екенин орта әсирде Иран нан шыққанын айтқан.

Қырғыз нағысларының мағанасында ҳайўанат дүньясы, өсимликлер ҳәм тәбияттағы көринислер беккемленген болса, художник Ридин менен тарийхшы Бериштами тоқыўшының өзиниң хожалығында болатуғын күндеги жумысларды нағыслар менен көрсеткен нағыс екенин айтып өткен. Сол болжаўларға қарап қарақалпақ ҳаял-қызларының кестелеп тигиў нағысларының түрлерин төртке бөлемиз.

1. Өсимлик нағысы.
2. Ҳайўанат дүньясы.
3. Геометриялық форма.
4. Тәбият ямаса белги нағысы.

## Өсимлик нағысы

Өсимлик нағысы маўытыға салынған қызыл киймешек, жеңсе, жеңуш, шайқалта ҳәм басқаларда басым келеди. Көбирек стиллестирилген өсимлик нағысы сондай-ақ атанақлап нағыс салынған ақ жегде, ақ киймешек алды, көк көйleклерде ушырасады.

Қарақалпақ нағысында өсимликтиң тутас тамамланған сүўрети болмайды, оның тәбийий формасы әдеўир схемаластырылған түринде (жапырақ гүллер) бериледи.

Гүл атамасы гейде шақаның нағыслы сүўретине де таралады. Гүлли нағыслардың ҳәр қыйлы вариантлары ушырасады. Булар `ерик гүл`, `ғаўаша гүл`, «Қоралы гүл» ҳәм атамасы болмаған басқа да бир қатар вариантлардан ибарат.

Ашылып киятырған төрт ғумша ҳәм гүл жапырақларынан ибарат болған `қоралы гүл` нағысы соңырақ пайда болса керек, ол нағысларда күтә сийрек ушырасади. «Қоралы гүл» еки варианта ушырасады. Биреўинде созылған төрт гүл жапырағының ушлары ийилген еки-екиден қосымша болады, булар ҳәр бир гүл жапырағына ғумшаға жақын форма береди. Екинши варианта гүл жапырақлары квадраттың капталлары бойлап

жайласады. Ҳәр бир гүл жапырағы солай етип ғумша формасына ямаса образлы формаға ийе болады.

«Қоралы гүл» барлық орынларға таралып кеткен. Гүлли мотив ушлары дөңгеленген домалақ формалардың еки линиясы менен жийекленген. Гейде линияларға тийкарлары тик көшерге байланыстырылған жуп мүйиз формасы бериледи. Орайдағы гүлли мотивтиң де вариантлары бар: атанақ тәризли, жулдызша, жапырақ тәризли `Қоралы гүл нағысын көбинесе қызыл киймешеклердиң жийеклеринде қолланылады. Қара маўытыға тигилген гүл нағыслы лента қызыл, сары, ақ реңлер менен алмасып реңли тәсир пайда етеди. Дөгерегиндеги линиялар ҳәм ишиндеги гүл әдеттегидей реңи бойынша ҳәр қыйли болады. Шебер қызлардың, келиншеклердиң гүл реңин айырып көрсетиўге умтылатуғынлығы сезилип турады. Айрым бир гүл емес, ал қораланған бағдың сүўретлениўи итимал.

Г.А.Жданко таблицасында келтирилген ХЫЫЫ сүўрет тәрепинен `түркмен нағыс` топарына өткерилип ӨзССР илимлер академиясы Қарақалпақстан филиалының көркем-өнер экспедициясының материаллары бойынша усы мотивлердиң гейпараларында мынадай қарақалпақ атамалары бар: 4` тай туяқ, қ тай туяқ, гейде `ешки из` айқын өсимлик нағысларының усындай зооморфологиялық атамалары тек бир шебер тәрепинен берилген. `Түркмен нағыс` атамасында нағыслар қарақалпақ нағысларында әдеўир көп сүўретлердеги нағысты да `түркмен нағыс` деп атайды, бирақ ол күтә сийрек ушырасады. Москвада шығыс халықларының мәмлекетлик көркем музейинде сақланып турған ер адамның түркмен шапанының пүткил сырты усы типтеги нағыс пенен жабылған. Қарақалпақ нағысында бул нағыс сийрек ушырасады. Ол СССР халықларының Ленинградтағы этнография музейиниң ақ жегде нағысында бар.

ХХЫЫЫ 9 сүўреттеги мотив өзбеклердиң ҳәм тәжиклердиң `бадам, қалампир` нағысында мәлим. Қарақалпақлар оны көбинесе `қалампир` атамасында биледи, ал бадам сөзи қарақалпақ тилинде ушырасады.

Өсимликтиң пайда болған гейпара азырақ схемаластырылған мотивлерде шебердиң не нәрсени сүўретлеўге умтылатуғынлығын аңлаў аңсат: пақаллар ҳәм жапырақлар басы бар пақал басы бар пақал тростник өсимликлери терек. Бул мотивлердиң әдеттегидей атамалары жоқ, ал көплеген атамаларды шебер қыз келиншеклер ямаса нағыс ийелери гүрриңлесиў пайытында ойлап тапқан ҳәм бәринен-бурын бир нәрсеге уқсаслығы бойынша импровизация сыпатында ийе болған. Әдеттегидей, бул нағыслар фризли композицияны қурайды. Сүўретте нағыс көк көйлекте композицияның төменги қаптал бөлегинде `сегиз мүйиз` нағысы менен араласып жайласқан. Ақ жегдеде ол квадратлар ҳәм ромблар мүйиз тәризли ромблардың көзгенегиндеги нағыслы майданның төменги шетин тамалайды. Ол ҳәўиздиң, көлдиң бойындағы тереклерди еске түсиреди. Бирақ енди шеберлер тутас бир пейзаж емес, ал жапырақ бар шақа ретинде қабыл етеди. (`Жапырақ нағыс`).

«Жапырақ нағыс» мотивинде (бизлер оны қалайда теректиң, тоғайдың сүўрети деп есаплаймыз) әдеттегидей басқа да өсимлик нағыслары сыяқлы үш-төрт туяғы бар үш мүйешли ҳәм мүйешке қойылатуғын подставкасы болады, бул подставкадағы елкани еске түсиреди. Туяқлары бар үш мүйешлик `сырға нағыс` ямаса `тарақ` нағысларда гилемшиликте ушырасады. Қарақалпақлардың қара үйди безеў ушын арналған аққурларында `тарақ` квадратлардан ибарат болған үлкен геометриялық композицияның басын ҳәм ақырын безейди, бул дәрўазада деп аталады, онда тек жуп шақа болады. `Тарақ нағыс` та тутас бир терек өсип шығады, оны шәртли түрде тоғайдың сүўрети деп қабыллаў мүмкин. Усыған байланыслы қарақалпақ халық ертеги `Сыйқыршы` бир мысал келтириўге болады. Әййем заманларда қарақалпақларда тарақтың кәраматли әҳмийети, сақлаў қәсийети болған. Усы ертекте ол қалың тоғайға айланады. Ол қарақалпақ нағысында ҳәм гилемшилигинде өзиниң кәраматлы әҳмийетине байланыслы сүўретленген. Тарақ нағысының өзбек гилемшилигинде таралыўы да усыны көрсетеди. «Қоралы гүл», «Ашылған гүл», «Түйе табан» сыяқлы гейпара

өсимлик нағыслары әдеттегидей қара реңде болады ҳәм қызыл рең басым етип нағысланады. «Қоралы гүл», «ерик гүл» ямаса «ашылған гүл», «Түйе табан» нағыслары барлық орынларда қызыл киймешеклерде, гейде жеңсе ямаса жеңушларда таралып кеткен. Тростниктиң пақалларын ҳәм жапырақларын еске түсиретуғын нағыслар көбинесе Қарақалпақстанның арқа теңиз бойы районларында ушырасады. Гүлди қапталдан сүўретлеў көп тарап кеткен. Қызыл киймешеклердиң төменги ҳәм каптал жийеклерин әшөкейлеўде гүлдиң нәзик линиялық сүўретлери ямаса ашылмаған ғумшаның сүўретлери ушырасады. Гөне дәрья  аўылындағы әғң дәскеринде ҳәм қызыл киймешек алдында жоқарғы үш жапырақ ортасына қарай жиңишкертилген, бул шебердиң сүўретлеп отырған өсимликке уқсаслығы умтылғанлығын көрсетеди.  Усындай сийрек ушырасатуғын нағысы бар қызыл киймешек ҳәм дәскер теңиз бойы районының халықларынан сатып алынғанлығын айтыў керек.

Мойнақ районының Порлытаў аўылының қызыл киймешек нағысында пейзажлы өсимлик нағысының тағы бир мысалын көриў мүмкин. Өсимлик элементлериниң алмасыўы көплеген өсимликлерди, қалың терекликти көриў тәсирин туўғызади.

Өсимлик темасының гейпара атамалары адамның тәбиятқа эстетикалық сезимталлы қатнасын билдиреди. «Гүл ашылди» дегенде нағыс тигиўшиниң көз алдында гүл ашылғандай сезиледи.

Көплеген өсимлик нағыслары үш мүйешли тийкардан өсип шыққандай сезиледи. Маўытыға салынған нағыста бул подставка «қой тиси» ямаса «түйе бас» деп аталатуғын дақлар менен түсиндириледи. Қарақалпақ нағысында өзбек, тәжик нағысы типиндеги «түйе табан» нағысы бар, екинши бир атамасы өгиз сийрақ. Түйе табанның зооморфлық атамасы түйениң табанына емес, ал сол атамадағы өсимликке байланыслы болыўы мүмкин. Усы нағыстың екинши атамасы «өгиз сийрақ» сийрек ушырасады. Бул нағыслар кесте тигиў ушын сыпатлы болып табылады ҳәм қарақалпақ көркем-өнериниң басқа түрлеринде ушыраспайды. Айғабағардың сүўрети тек

еки қызыл киймешек алдында ушырасады. Солардың биринде Тахтакөпир совхозынан Ташенова Улжан салған орта қараның үстиндеги қызыл жолақта бир тамырдан өсип шыққан үш айғабағардың гүллеп турған пайыты сүўретленеди. Екинши қызыл киймешекте алдында усы сүўрет горизонтал бойлап үш рет тәкирарланған. Солардың бири Тахтакөпир районында, екиншиси Нөкис қаласында сатып алынды. Тахтакөпир районының адамы тәрепинен тигилген деп болжаў мүмкин. Егер буларды бир шебер ислемеген болса, онда бири екиншисиниң үлгисинен үйренгенлигине гүман жоқ.

Жеңлерде ҳәм ақ жегдениң өңиринде күтә сийрек ушырасатуғын шақалардың сүўрети горизонтал бойлап төртмүйешликтен жоқары ҳәм төмен қарай өсип шыққандай көринеди. Бул ҳәўиз ямаса көл бойындағы тереклерди ө сүўрети деп болжаў мүмкин ал шеберлер енди буларға мәнидеги әҳмийет бермей атыр.

Шириш пискекше нағысы схемаластырылған өсимлик тийкарына ийе. Стерженьдеги жуп үш мүйешликтиң еки ярусы ҳәм жоқарыдағы тик мүйешлик булар жапырақлар ҳәм өсимликтиң басы.

Гейпара атанақ тәризли әшөкөйлердиң элементлери ҳәм өсимликтен келип шыққан. Тек орта қара, қызыл киймешеклерде қолланылатуғын өз алдына бир нағыста еки стерженьниң тәреплерин бойлап (горизонтал ямаса тик) азыкем ийилген линиялар симметриялы яруслар менен жайласқан, атанақ тәризли әшөкөй стерженьлериниң екинши бир жубиның ақырларында сопақ баслар болады. Солай етип, шеберлер бир әшөкөйде шақалардың ҳәм ғумшалардың тәкирарланған сүўретлерин алған Қарақалпақстанның мәмлекетлик көркем-өнери музейиниң керамикалық кесесинде шақалардың сүўрети атанақ тәризли схемада берилген. Композиция орайы өширилген. Қарақалпақ нағысындағы өсимлик кестеси бай ҳәм ҳәр қыйлы. Ол қарақалпақ көркем-өнериниң басқа түрлериндеги өсимлик нағысынан сүўретлеў бойынша сүўретлеў сыпаты бойынша да ажыралып турады. Ол маўытыға салынған нағысларда басым келеди, онда композиция тийкарынан

фриз тәризли схема бойынша системада қурылады, раппортлық композицияларда ол жоқ.

**Тексериў сораўлар.**

1. Қандай нағысты тийкар етип алған:
2. Нағыстың симметриялы шығыўы ушын неден пайдаланған:
3. Нағыс салыў техникасы
4. Нағыс атамасына қарай тоқылыў жоллары
5. Нағыс шеберлерин халықтың баҳалаўы.

**Тема: Зооморфлы нағыслар (ҳайўанат ҳәм қуслар, жәнликлер)**

**Ж О Б А:**

1. Қарақалпақ миллий нағысының ҳайўанат дүньясына байланысы.
2. Мүйиз нағысының топары
3. Нағыстың түрине қарай тоқылыў сабақларының таңланыўы.

**Ә Д Е Б И Я Т Л А Р**


1. А.Алламуратов «Каракалпакская народная вишивка»
2. Ш.Уразметов, Қ.Нажимов «Қарақалпақша нағыс үлгилери».
3. Забирова Е.И «Сабақларда қарақалпақлардың көркемлик безеў өнери менен танысыўдың жаңа педагогикалық технология».


**Зооморфлы нағыслар**

Қарақалпақ халық нағысының кестелик мотивлериниң көпшилиги ҳайўанат дүньясына байланыслы. Қошқар мүйизлери тийкарғы мотив болып табылады. Мәлим болғанындай, мүйизлер мотиви Орта Азия Қазақстан халықларының нағыс өнеринде күтә кең таралған мотивлердиң бири. Ол усы районлардың ең әййемги шарўашылық қәўимлериниң символы болған мүйиз деп жазды П.И.Ремпель бул шарўаның өнимлери жумысының символы ҳәм еле де кеңирек айтсақ образ дерлик универсал әҳмийеттеги түсиник. Ҳәр қыйлы ўақытлары ҳәр қыйли түсиниклер соған байланыслы.

Мүйизлердиң мотивлери әдеўир ҳәр қыйлы болады. Солардың айырымлары ҳақыйқый белгилерди сақлап қалған, көпшилиги болса нағыслық көркем ўазыйпаларға бағындырылған ҳәм графикалық схематикалық формаларға ийе болған ҳәм тек халық дәстүри бойынша мүйиз нағысына киргизилиўи мүмкин.

Мүйиз нағысларының биринши топары қызыл киймешек, жеңуш, жеңсе, шайқалта жийеклеринде қолланылады. Олардың тек гейпаралары анағурлым қыйын нағыслы лентаны жийеклейди. Хорасан мүйиз нағысын қолдан тоқылған тийкар бойынша атанақ салынатуғын нағыста қолланады. Атаманың көрсетип турғанындай, нағыстың Хорасанда пайда болмағанлығы айқын, ал хорасан сыйырдың мүйизи нәзерде тутылып атыр.

Усы нағыстың `Қолтықша мүйиз` вариантлары ақ жегдеде `кереге көз` деп аталатуғын үлкен геометриялық композицияның қосымша элементи ретинде қолланылады.

Тырнақша мүйизлердиң нағыслы қатары қызыл киймешеклердиң қызыл реңдеги төменги қапталын жийеклейди. Белгили бир аралықтан жасыл, сары реңлер алмасып турады. Тырнақша мүйиз, мүйизлердиң түбиндеги үш мүйешликлерден алынған, булар айрым композицияда түйме бас деп аталады.

Сегиз мүйиз хәр бир мүйеште тыйыртпақлардың жупласқан квадраты геометриялық фигура, бирақ сегиз мүйиз атамасы барлық орынларға таралып кеткен, сонлықтан бизлер оны зооморфлы нағысқа киргиздик. Мүйешлердиң жоқары хәм төменги линияларға қаратып қойылған сегиз мүйешлердиң фриз тәризли қатарынан қызыл киймешек алдының орта қараның орайлық нағыс композициясын дүзеди. Композицияның орайын өсимлик ямаса геометриялық сыпаттағы нағыс детал`лары менен толықтырады. Көк көйлекте оның пүткил төменги жағы сегиз мүйеш нағысы толықтырылған. Шийиртпақлардың хәр бир жубын биреўи қызыл реңде емес, ал сары реңде болады. Бул нағыстың бир түрлилигин жанландырады. Ақ жегдениң арқасында квадратлардың қыйсық көзгенеги сегиз мүйизлер менен толықтырылады. Олар сондай-ақ шеклеўи көзгенеклерсиз шахмат тәртибинде жайласады.

Мүйизлер мотиви қарақалпақ нағыс ойыўшыларының (ағашқа) сүйикли мотивлериниң бири. Ағаш буйымлардағы нағыста шийратылған қой тиси омыртқа сыяқлы елементлерден қуралатуғын үшмүйешлик мүйиз тәризли

шийритпақлардың нағыслары арасындағы қаптал кеңисликлерин толықтырады.

Шаян қуйрық, қурбақа нағысларининң топаринда биз жанли жанлиқтиң тутаси менен нағыс формасин менен сүўретлеўи, умтилиў характерин уширатамиз. Гейде бундай нағыс еки шаянди сүўретлегендей сезиледи. Геўдеси, муртлари ҳәм өткир тиллери айқин белгиленген. Келеси еки қатарда нағыс көбирек схемаластирилған, шаянниң мотивлери дөңгелекленген ушлари бар ромб тәризли фигураларға айланған.

Шаян қуйриқ мотиви маўитиға нағыс салиў ушин сипатли болади. сүўретлердеги нағыс қизил қизил киймешеклердиң қизил жийеклеринде жетекши болип табилади. Олар белгилери бойинша уқсас басқа мотивлер алмасип компазиция қурайди. Гейде нағыс еки ҳәр қийли линиялардан (қизғилт, көк, сари ҳәм ақ реңлер менен) ибарат болади.

Шаян қуйриқ нағысиниң гейпара варянтлари өсимлик мотивлерине уқсайди. Бирақ шеберлердиң арасинда олар зооморфлиқ мотивлер ретинде мәлим. Шаян қуйриқти бир қанша еске түсиретуғин зооморфли нағыс ағашға нағыс ойиў әдисинде уширасади.

Қурбақа мотивин гейде мүйиз деп те атайди, бул қәте екенлиги айқин. Қурбаға атамасиниң өзи ҳақийқий тикарға ийе болиўи мүмкин. Қарақалпақлардиң зергерлик буйимларинда басқа түйме безеў әшекөйи бар, өзиниң формаси бойинша ол қурбақаға уқсайди.

Қурбақа нағыси қизил киймешеклердиң қара жийек жолағинда болади, ол кийим кеншеклердиң бет ҳәм қуйриқ бөлеклерин жийеклейди. Тамамланбаған ромб ҳәр қийли жоллар менен толиқтирилади, қурбақаниң аяқларин елеслететуғин шийртпашақлар түрлише түсиндириледи. ЫХ-сүўрет. Олардиң гейпаралари ҳәрекетли болип келеди ҳәм ҳәрекетти жанли түрде сүўретлейди. Қоқандта Мадари хан ХЫХ-әсир мавзолейиниң алдинғи бети қарақалпақлардиң қурбақа нағысина уқсас нағысли мотив бенен безелген.

Жүрек сияқли пал`метталар геометриялиқ жапирақ түриндеги әшекөйди ямаса әпиўайи бирикпелерди қурайди. Ҳәзир олар ийттабан, бақаншақ ретинде аңланип атир. Ыйттабан нағыси менен жийектиң орайлиқ қизил жолағин ҳәм қизил киймешеклердиң орта қара үстиндеги майданди безейди. Қос реңли фигура жийи уширасади тик ямаса горизонтал жупларди ҳәм тийкариндағи тутас тигисти бирдей рең менен оринлайди. Горизонтал` композицияда олардиң ҳәр бир фигура арқали алмастириў менен реңниң ритмикалиқ айқинлиғи ҳәм қабиллаў байлиғи дүзиледи.

Газ мойин нағысин атанақлап тигиўде қолланади. Ҳәр қийли қосимша елементлери уси мотивтиң бир неше варианти бар олардиң барлиғи схмаластирилған ҳәм ҳақийқий формадан узақ Ақ жегде алдиниң кең тик нағысли жолақларин ғаз мойин нағыси менен жийеклейди. Оладиң реңи жасил, ақ фонда сари болади. £аз мойин нағыс тоқиўда күтә таралған нағыслардиң бири. Ол ақ басқусларди нағыслаўда бөлип туриў вертикали болип хизмет етеди.

Қуўиршақ аўиз мотивиниң варианти қизиқли. Егер әдетте қуўиршақ аўиз геометриялиқ фигурадан ибарат болса, онда ониң варианти көк рең менен жийекленген фантастикалиқ ҳайўанди ямаса қусти еске түсиретуғин қара фондағи фигура болип табилади. Коллекцияларди үйрениў минадай жағдайди көрсетти, усиндай нағыс салинған барлиқ затлар қизил киймешек, жеңсе теңиз бойи раёнинан шиққан Мойнақ ҳәм ониң аймағи.

